


RANGKUMAN MATERI BASA JAWA US SD
(GABUNGAN MATERI KURIKULUM 2006 & MATERI KURIKULUM 2013)
Shodaqoh ilmu dari Ustadz H. Agus Suharjono, S.Pd. SDN Tumpokersan 3 Lumajang

=====


1. *Disajikan teks puisi modern / geguritan, siswa dapat menyebutkan tema dari puisi tersebut*
2. *Siswa dapat menyebutkan pengertian dari salah satu struktur puisi*

Struktur Teks Geguritan:

- a. Pada (Bait) : Yaiku kumpulan saka saperangan gatra (baris) sing ana sajroning geguritan.
Tuladha/contoh,



- b. Sajak/Rima : Yaiku dhong-dhingeswara kangpadha ingpungkasanegatra sajronesawijining Geguritan.Tuladha/contoh,



- c. Diksi : Yaiku pemilihantembungsingmenthes,trep, lanmantesi saengga nuwuhake kaendahantumrapsawijininggeguritan. Tuladha/Contoh:

3. *Disajikan teks percakapan, siswa dapat menyebutkan tema dari percakapan tersebut*
4. *Siswa dapat menjawab pertanyaan terkait isi teks percakapan*

Pacelathon/Dialog:

Tata Krama sajroning Pacelathon (Dialog)

Unggah-Ungguh Basa

Supaya gampang anggone nyinaoni bab unggah-ungguh basa, kudu dimangerteni luwih dhisik manawa unggah-ungguh basa kaperang dadi loro, yaiku:

1. **Basa Ngoko**
Basa Ngoko kaperang dadi loro, yaiku:
 - a) Basa Ngoko Lugu
 - b) Basa Ngoko Alus
2. **Basa Krama**
Basa Krama kaperang dadi loro, yaiku:
 - a) Basa Krama Lugu
 - b) Basa Krama Alus

Katrangan

1. Basa Ngoko

a) Ngoko Lugu

Ngoko Lugu yaiku basa ngoko sing ora kacampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak guneman.

Panganggone:

- 1) Marang wong sing sadrajad (sebaya) sing wis kulina (akrab)
- 2) Marang wong sing luwih enom
 - Wong tuwa (bapak/ibu) marang anak
 - Guru marang muride
 - Eyang/simbah marang putune
 - Pakdhe/budhe, paman/bibi marang ponakane, lan sapiturute

Tuladha:

- 1) Kowe mau mulih jam pira?
- 2) Kowe tuku sepatu ing ngendi?

b) Ngoko Alus

Ngoko Alus yaiku basa ngoko sing kacampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak gunem.

Panganggone:

- 1) Sedulur enom marang sedulur tuwa
- 2) Wong sing kaprenah tuwa marang wong enom sing drajade luwih dhuwur.
- 3) Ibu marang bapak sing wis ngoko-ngokoan (amarga wis kulina)

Tuladha:

- 1) Panjenengan mau kondur jam pira?
- 2) Panjenengan mundhut sepatu ing ngendi?

2. Basa Krama

Basa krama kaperang dadi loro, yaiku:

a) Krama Lugu

Basa krama lugu yaiku basa krama sing tembung-tembunge lugu lan ora kacampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak guneman.

Panganggone :

- Marang wong sadrajad sing durung raket (akrab).

Tuladha:

- 1) Sampeyan kala wau wangsul jam pinten?
- 2) Sampeyan tumbas sepatu dhateng pundi?

b) Krama Alus

Basa krama alus yaiku basa krama sing tembung-tembunge kacampuran tembung tembung krama inggil tumrap wong sing diajak guneman.

Panganggone:


- 1) Wong enom marang wong tuwa
 - Anak marang bapak/ibune
 - Putu marang eyang/simbahe
 - Ponakan marang pakdhe/budhene
 - Ponakan marang paman/bibine lan sapiturute
- 2) Marang wong sing luwih dhuwur drajade
 - Murid marang gurune
 - Abdi/rewang marang juragane (bendarane)
 - Pegawe/karyawan marang pimpinanne (dhedhuwurane), lan sapanunggalane.

Tuladha:

- 1) Panjenengan kala wau kondur jam pinten?
- 2) Panjenengan mundhut sepatu dhateng pundi?

Tuladhane Pacelathon:

Srengenge



Yoga : **Mas, apa sing nyebabake bumi dadi padhang lan krasa anget ngene iki ya?**

Mas Adi : Lha . . . yen wayah esuk ngono kae biyasane ing langit katon ana wujud bunder ta? Ya kuwi sing nyebabake bumi kita dadi padhang lan krasa anget, Dhik.

Yoga : **Wujud bunder ing langit? Srengenge ta, Mas? (pitakone Yoga katon bingung)**

Mas Adi : Iya, bener banget, Dhik. Srengenge sing nyebabake bumi dadi padhang lan krasa anget. Srengenge minangka sumber energi sing paedahe akeh banget.

Yoga : **Apa wae paedahe srengenge, Mas?**

Mas Adi : Paedahe srengenge ing antarane yaiku kanggo njemur, upamane njemur klambi, gabah, iwak, kacang-kacangan, lsp, iku nggunakake cahyane srengenge. Malah saiki wis dirembakakake *teknologi mobil tenaga surya*.

Yoga : **Mobil tenaga surya iku tegese kepriye, Mas?**

Mas Adi : *Mobil tenaga surya* tegese mobil bisa mlaku tanpa bahan bakar amarga wis nggunakake tenaga surya minangka gantine bahan bakar, Dhik. Saliyane iku paedahe srengenge uga isih akeh maneh.

Yoga : **Isih akeh, Mas?**

- 5. Siswa dapat menyebutkan isi cerita yang umum diceritakan dalam cerita rakyat
- 6. Siswa dapat menyebutkan salah satu unsur intrinsik dalam cerita rakyat

Cerita Rakyat

Crita Rakyat

Crita rakyat minangka salah sawijining asil kabudayan kang nuduhake anane keberagaman budaya, amarga saben dhaerah nduweni crita rakyat dhewe-dhewe kang dadi ciri khase. Crita rakyat yaiku crita kang asale saka masyarakat lan ngrembaka sajroning masyarakat nalika jaman biyen, sarta dadi tetenger saben bangsa kang nduweni keberagaman kultur budaya. Crita rakyat lumrahe nyritakake ngenani kedadeyan ing sawijine panggonan utawa asal-usule sawijining panggonan. Paraga-paraga sajroning crita rakyat biyasane awujud manungsa, kewan, utawa dewa.

Titikane Teks Crita Rakyat

Titikan utawa ciri-cirine teks crita rakyat, ing antarane yaiku:

- Diandharake kanthi cara turun-temurun.
- Pangrembakane kanthi cara lisan.
- Asipat anonim, tegese ora ngerti sapa pangriptane.
- Ngandhut nilai-nilai luhur.
- Critane dumadi saka saperangan versi.

Unsur Intrinsik Teks Cita Rakyat

Unsur intrinsik yaiku unsur singana sajrone cita utawa unsur sing mangu cita saka njero. Unsur intrinsik sajroning teks cita rakyat kaperang dadi enem ing antaraneyaiku:

1. Underan Ing Cita {Terna}

Underaning cita yaiku gagasan pokok/dhasarkang dirembug sajroning cita.

Terna minangka jiwa ningsakabehebagiyane cita.

2. Paraga {Tokoh} lan Wewatekane Paraga {Watak Tokoh}

Paragayaiku wong kang ditampilake sajroning cita, denewewatekane paraga yaiku gegambaran ngenani watak utawa sipatesawijining paraga.

3. Alur

Alur yaiku urutan kedadeyan kang dumadi sajroning cita. Alur kaperang dadi telu, yaiku:

a) Alur Maju

Sawijining cita diarani nduweni alur maju yen urutan kedadeyan kang dicritakake asipat *kronologis* (urut), diwiwiti saka tahap wiwitan, tahap tengah, lantahap pungkasan.

b) Alur Mundur

Sawijining cita diarani nduweni alur mundur yen urutan kedadeyan kang dicritakake asipat mundur, diwiwiti saka tahap pungkasan, tohop tengah, banjur tahap wiwitan.

c) Alur Campuran/Flashback

Sawijining cita diarani nduweni alur campuran/flashback yen urutan kedadeyan kang dicritakake ora asipat *kronologis*, cita ora diwiwiti saka tahap wiwitan, nanging diwiwiti saka tahap tengah utawa tahap pungkasan, banjur tahap wiwitan dicritakake.

4. Latar/Setting

Latar utawa setting yaiku sawijining unsur kang nggambarake panggonan lan wektu dumadine cita, sarta kahanan paraga sajroning cita.

5. Pamawase Pangripta {Sudut Pandang}

Pamawase pangripta yaiku kalungguhan pangripta anggone ngandharake citane. Pamawase pangripta kaperang dadi loro, yaiku:

a) Pamawase Pangripta Wong Kapisan {Orang Pertama}

Pamawase pangripta wong kapisan yaiku pangripta ana ing sajrone cita utawa dadi paraga utama sajrone cita. Titikane cita kang nggunakake pamawase pangripta wong kapisan yaiku paraga utamane (tokoh utama) nggunakake tembung sesuluh purusa (kata ganti orang) wong kapisan, yaiku tembung "aku".

b) Pamawase Pangripta Wong Katelu {Orang Ketiga}

Pamawase pangripta wong katelu yaiku pangripta ana ing njabane cita. Titikane cita kang nggunakake pamawase pangripta wong katelu yaiku paraga utamane nggunakake tembung sesuluh purusa (kata ganti orang) wong katelu yaiku tembung "dheweke" utawa nggunakake jeneng wong.

6. Amanat

Amanat yaiku pesen kang arep diandharake dening pangripta marang para pamaos.

7. Siswa dapat menyebutkan ciri-ciri/titikane cerita narasi lan deskripsi
 11 dan 12 Disajikan teks narasi, siswa dapat menjawab pertanyaan terkait teks tersebut
 19 Siswa dapat menyebutkan ciri-ciri/titikane teks deskripsi

Karangan Narasi danKarangan Deskripsi: Niteni TitikaneKarangan Narasi

Karangan narasi yaiku karangan sing nyritakake ngenani rerangkening kedadeyan kang disusun kanthi urut adhedhasar urutan wektu. Karangan narasi minangka sawijining karangan sing ditulis adhedhasar urutan wektu kedadeyan.

Titikane Karangan Narasi

Titikan utawa ciri-cirine karangan narasi, ing antaraneyaiku

1. Karangan awujud crita ngenani sawijining kedadeyan.
 2. Kedadeyan sing diandharake awujud kedadeyan sing bener-bener dumadi utawa mung imajinasi.
 3. Karangan disusun adhedhasar urutan kedadeyan.
- ~ Katrangan ngenani paraga (*tokoh*), pamawase pangripta (*sudut pandang*), lan latar digambarake kanthi cetha.

Niteni Titikane Karangan Deskripsi

Karangan deskripsi yaiku karangan sing ngandharake gegambaran ngenani sawijining objek/barang, papan/panggonan, utawa kahanan tartamtu minangka asil pengamatan langsung saka panca indra.

Titikane Karangan Deskripsi

Titikan utawa ciri-cirine karangan deskripsi, ing antarane yaiku:

1. Karangan awujud gegambaran ngenani sawijining objek/barang, papan/ panggonan, utawa kahanan tartamtu.
 2. Gegambaran ngenani objek/barang, papan/panggonan, utawa kahanan diandharake kanthi cetha.
 3. Karangan disusun adhedhasar asil pengamatan langsung saka panca indra.
- Li. Nduweni tujuwankanggo ngripta kake kesan utawa pengalaman marang pamaos supaya pamaos kayo-kayobisa deleng, ngrasakake, utawa ngrungokake dhewe sawijining objek kang digambarake.

8. Siswa dapat menyebutkan ciri-ciri/titikane tembang dolanan


Tembang Dolanan:

Tembang dolanan yaiku salah sawijining reriptan sastra gagrag anyar awujud tembang kang ora kaiket dening paugeran kayata guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra. Tembang dolanan minangka tembang kang biyasa dilagokake dening bocah-bocah cilik, miyos bocah-bocah cilik kang ana ing padésan. Tembang iki dilagokake nalika lagi dolanan bebarengan karo kanca-kancane. Lumantar lagu dolanan, bocah-bocah ditepungake bob sato kewan, sato iwen, thethukulan, tetanduran, bebrayan, lan lingkungan clam. Tuladhane tembang dolanan kang asring dilagokake dening bocah-bocah ing antarane yaiku gundhul-gundhul pacul, menthog-menthog, cublak-cublak suweng, sluku-sluku bathok, padhang bulan, jaranan, lan sapanunggalé. Titikane tembang dolanan ing antaraneyaiku:

- a. basane prasaja
- b. pangrembakan kanthi cara lisan
- c. diandharake kanthi care turun-temurun

d.ora kaiket dening paugeran (guru lagu,guru wilangan,languru gatra)
e.isine ngenani bob-bob kang selaraskaro kahanane bocah
f. biyasa dilagokake deningbocah-bocah nalika lagidolanankaro kanca-kancane g.ngandhut pituturutawa pesen-pesen moral tumrapbocah

Tuladha/Contoh Tembang Dolanan:



9. Disajikan kalimat/ukara beraksara Jawa dengan menggunakan sandhangan, siswa dapat membaca ukara tersebut
- 24 dan 25 Disajikan teks bacaan beraksara Jawa, siswa dapat menjawab pertanyaan bacaan

Aksara Jawa:

B. AKSARA JAWA

𑀓𑀲Ha

𑀓𑀲Na

𑀓𑀲Ca

𑀓𑀲Ra

𑀓𑀲Ka

𑀓𑀲Da

𑀓𑀲Ta

𑀓𑀲Sa

𑀓𑀲Wa

𑀓𑀲La

𑀓𑀲Pa

𑀓𑀲Dha

𑀓𑀲Ja

𑀓𑀲Ya

𑀓𑀲Nya

𑀓𑀲Ma

𑀓𑀲Ga

𑀓𑀲Ba

𑀓𑀲Tha

𑀓𑀲Nga

C. ANGKA JAWA

𑀓𑀲1

𑀓𑀲2

𑀓𑀲3

𑀓𑀲4

𑀓𑀲5

𑀓𑀲6

𑀓𑀲7

𑀓𑀲8

𑀓𑀲9

𑀓𑀲0

No.	Pasangan	Wujude	Tuladha
1.	ha	𑀓𑀲𑀓𑀲	mangan apel = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
2.	na	𑀓𑀲𑀓𑀲	latian nari = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
3.	ca	𑀓𑀲𑀓𑀲	wis cumawis = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
4.	ra	𑀓𑀲𑀓𑀲	anak ragil = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
5.	ka	𑀓𑀲𑀓𑀲	wis kasep = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
6.	da	𑀓𑀲𑀓𑀲	saben dina = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
7.	ta	𑀓𑀲𑀓𑀲	jam tangan = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
8.	sa	𑀓𑀲𑀓𑀲	masak soto = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
9.	wa	𑀓𑀲𑀓𑀲	angon wedhus = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
10.	la	𑀓𑀲𑀓𑀲	manuk lawa = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲
11.	pa	𑀓𑀲𑀓𑀲	wis padhang = 𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲𑀓𑀲

12.	dha	ᮊᮘ	bapak dhahar = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
13.	ja	ᮊᮞ	panen jagung = ᮊᮞᮊᮞᮊᮞᮊᮞ
14.	a	ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	anak yatim = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
15.		ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	bulik nyapu = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
16.		ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	tawon madu = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
17.		ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	golek gawe = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
18.		ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	tas biru = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
19.		ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	ora mesthi = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ
20.	nga	ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ	budhal ngidul = ᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘᮊᮘ

13. Siswa dapat menyebutkan salah satu jenis berita/jinis pawarta

14. Siswa dapat menyebutkan unsur-unsur berita yang baik

Pawarta/Berita:

Jinis-jinis pawarta kang ana sajrone donya jurnalistik,yaiku:

1. Poworto Longsung (*Straight News*)

Pawarta langsung, yaiku jinis pawarta kang ditulis kanthi singkat, padhet, lugas, lan apa anane. Panulisane nggunakake gaya pemaparan, yaiku ngandharake kedadayan kanthi apa anane tanpa anane andharan (penjelasan) utawa penilaian. Struktur panulisan nggunakake struktur *piramida terbalik*, yaiku ngandharake pawarta wiwit perangan kang paling wigati nganti perangan kang dianggep ora wigati. Perangan kang wigati diandharake ing pada kapisan (*lead*), sawise judul berita (*headline*), lan baris tanggal (*dateline*).

2. Poworto Opini (*Opinion News*)

Pawarta opini, yaiku jinis pawarta kang ngandharake kengenani panemu (pendapat), pernyataan, utawa gagasan saka sawijine wong. Panemu kang diandharake biyasane panemu saka cendekiawan, tokoh masyarakat, ahli, pejabat, utawa wong kang dianggep nduweni kalungguhankang wigati ngenani sawijine prekara utawa kedadayan. Panulisan diwiwiti karosawijine panemu utawa pernyataan kanthi ngenake ucapan kang isine dianggep paling wigati utawa paling narik kawigaten. Minangka tandha manawa pawarta kasebut kalebu jinis pawarta opini, yaiku ing perangan irah-irahan (judul) ditulis asmane narasumber, diterusaké tandha titik loro (:), banjur kutipan pernyataan utawa dudutan (kesimpulan) pernyataan kang paling narik kawigaten.

3. Poworto Interpretatif (*Interpretative News*)

Pawarta interpretatif yaiku jinis pawarta kang dirembakake kanthi komentar lan penilaian saka reporter utawa narasumber kang nduweni kompeten gegayutan karo pawarta kang dirembug. Saengga jinis pawarta iki minangka gabungan antarané fakta lan penilaian saka sawijine pawarta.

4. Poworto Mendolom/Jongkep (*Depth News*)

Pawarta jangkep, yaiku jinis pawarta kang dirembakake kanthi luwih jangkep saka pawarta kang wis ana. Pawarta bisa dirembakake kanthi luwih jangkep sarana nggoleki informasi tambah saka narasumber utawa saka pawarta kang ana gegayutane karo pawarta kang dirembug.

5. Poworto Penjeloson/Andhoron (*Explanatory News*)

Pawarta andharan, yaiku jinis pawarta kang ngandharake sawijine kedadayan kanthi data kang jangkep. Faktadiandharake kanthi rinci lan ngemot saperangan argumentasi utawa panemu saka penulispawarta.

Unsur- unsur Pandhapuk Pawarta/Berita :

Sawijine pawarta bisa diarani minangka pawarta kang becik yen ngandhut unsur pandhapuk pawarta. Unsur pandhapuk pawarta ana enem, utawa biyasa diarani unsur 5 W + 1 H (*What, Who, When, Where, Why, lan How*) kaya kang diandharake ing ngisor iki:

- 1. **Apa (*What/Apa*)**
Nuduhake ngenani kedadeyan kang dumadi.
- 2. **Sapa (*Who/Siapa*)**
Nuduhake katrangan ngenani wong kang ana sajrone kedadeyan.
- 3. **Kapan (*When/Kapan*)**
Nuduhake wektu dumadine sawijine kedadeyan.
- 4. **Ing Ngendi (*Where/Dimana*)**
Nuduhake panggonan dumadine sawijine kedadeyan.
- 5. **Geneya (*Why/Kenapa*)**
Nuduhake ngenani alesan utawa sebab dumadine sawijine kedadeyan.
- 6. **Kepriye (*How/Bagaimana*)**
Nuduhake ngenani proses utawa alur dumadine sawijine kedadeyan.

- 15. Siswa dapat mengidentifikasi ukara yang menggunakan tembung saroja
- 16. Siswa dapat mengidentifikasi ukara yang menggunakan tembung camboran

Basa Rinengga,TembungSaroja dan TembungCamboran:

Tembung saroja yaiku tembung loro utawa luwih kang nduweni teges padha utawa meh padha lan dienggo bebarengan kanggo mbangetake surasane.

Tuladha:

- 1. Raden Gathotkaca iku satriya kang gagah prakosa.
- 2. Dadi bocah aja seneng nyolong njupuk barange liyan.
- 3. Para siswa katon guyup rukun nalika kerja bakti ngresiki kelase.

Katrangan:

Tembung gagah prakosa, nyoolong njupuk, lan guyup rukun sajrone ukara-ukara kasebut kalebu tembung saroja, awit kekarone nduweni teges padha, yaiku:

- 1. Tembung gagah tegese padha karo tembung prakosa, yaiku pideksa (gedhe dhuwur).
- 2. Tembung nyolong tegese padha karo tembung njupuk, yaiku njupuk barang kang dudu duweke.
- 3. Tembung guyup tegese padha karo tembung rukun, yaiku kahanan kang tentrem.

Tembung camboran, yaiku tembung loro utawa luwih kang dienggo bebarengan lan nduweni teges siji. Tembung camboran kaperang dadi loro, yaiku:

- 1. **Camboran wutuh**, tegese tembung kang dicambor awujud tembung wutuh.
Tuladha:
bapa biyung, raja peni, cekak aos, tepa slira, lsp.
- 2. **Camboran tugel/wancahan**, tegese tembung kang dicambor kanthi cara nyuda salah siji utawa kabeh (loro karone) cacahing wandane.
Tuladha:
dol tinuku, lir ilir, thukmis (bathuk klemis), bulik (ibu cilik), pakpuh (bapak sepuh), lsp.

- 17. Disajikan tembang Pucung, siswa dapat menjawab kaidah tembang Pucung
- 18. Siswa dapat menjawab pertanyaan terkait isi tembang
- 28. Disajikan Teks Tembang Macapat bertema "Persatuan Dalam Perbedaan", siswa dapat menjawab pertanyaan tentang tema tembang tersebut
- 29. Siswa dapat menyebutkan kaidah/paugeran dari tembang macapat
- 30 dan 31 Siswa dapat menyebutkan arti kata-kata sulit yang terdapat pada tembang macapat

TembangMacapat:

1. Mijil
2. Maskumambang
3. Kinanthi
4. Sinom
5. Asmarandana
6. Durma

7. Dhandhanggula
8. Gambuh
9. Pangkur
10. Megatruh
11. Pucung

Kanggo nggampangake anggone mbedakake antarane guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra, njingglengana tabel ing ngisor iki:

Jinise Tembang	Guru Gatra	Guru Wilangan lan Guru Lagu									
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Mijil	6	10l	60	10e	10l	6l	6a				
Kinanthi	6	8u	8i	8a	8i	8a	8i				
Sinom	9	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12	
Asmarandana	7	8i	8a	8e	8a	7a	8u	8a			
Dhandhanggula	10	10l	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12l	7a
Gambuh	5	7u	10u	12i	8u	8a					
Maskumambang	4	12i	6a	8i	8a						
Durma	7	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i			
Pangkur	7	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i			
Megatruh	5	12u	8i	8u	8i	8o					
Pucung	4	12u	6a	8i	12a						

Tuladha/ContohPucung:
*Nuswantaraprajakangsuburlanmakmur
Tentremlanraharja
Kabeh kawulanyawiji
Murahsandhangmurahpangandenupaya*

Tuladha/ContohPangkur:
*Ayo kancawredhamudha
Padhanyawiji lanmangunnagari
Nadyanbedaraslansuku
Bhineka Tunggal Ika
Tanhanadarma mangrwasetyalantuhu
Guyubrukun mringpepadha
Amrihmajubu Pertiwi*

- 20. Siswa dapat menyebutkan ukara yang menggunakan tembung panyandra

Tembung:Panyandra,Panyendhu, Pepindhan,lan Parikan

A. Tegese Tembung Panyandra
Tembung panyandra yaiku tetembungan kang wis gumathok kanggo nyandra perangane awak, salah bawa, satriya, utawa kahanane alam. Tembung panyandra mengku ngalem kaendahan lan kang dicandra lumrahe bab-bab kang becik, mula tembung panyandra uga diarani *tembung pangalem*.

B. Titikane Tembung Panyandra
Amrih bisa mangerteni kanthi luwih jero ngenani babagan tembung panyandra, ing ngisor iki bakal diandharake titikane tembung panyandra, yaiku:

- Bab kang dicandra yaiku perangane awak, salah bawa, wang nginum/ngombe, satriya, utawa kahanane alam.
- Mengku ngalem kaendahan lan kang dicandra lumrahe bab-bab kang becik.
- Ngemu surasa pepindhan utawa nduweni teges mampir.

C. Jinise Tembung Panyandra
Tembung panyandra lumrahe kanggo nyandra perangane awak, salah bawa, utawa kahanane alam kaya kang diandharake ing ngisor iki:

1. Condronemonungso(Perongone Awok)
 - a. Alisenanggalsepisan
 - b. Athi-athinengundhup turic. Awake ramping
 - d. Awakegagah pidegsa
 - e. Bangkekane nawon kemit
 - f. Bathuke nyela cendhani g. Brengose nguler
 - keket h. Drijinemucuk eri
 - i. Esemepait madu
 - j. Godhege simbarrumembun k. Gulunengelung
 - gadhung

D. Tegese Tembung Panyendhu

Tembung panyendhu yaiku tetembungan kang wis gumathok kanggo nelakake rasa ora senenging ati babagan perangane awak utawa salah bawa. Tembung panyendhu minangka . felowanane tembung panyandra. Yen tembung panyandra nelakake bab-bab kang becik tumrap babagan kang dicandra, dene tembung panyendhu nelakake bab-bab kang ala tumrap babagan kang dicacad.

E. Titikane Tembung Panyendhu

Amrih bisa mangerteni kanthi luwihjero ngenani babagan tembung panyendhu, ing ngisor iki bakal diandharake titikane tembung panyendhu, yaiku:

1. Bab kang dicacad yaiku perangane awak utawa salah bawa.
2. Mengku panyacad lan kang dicacad lumrahe bab-bab kang ala.
3. Ora ngemusurasa pepindhan utawa ora nduweni teges memper.

F. Jinise Tembung Panyendhu

Tembung panyendhu lumrahe kanggonelakakera ora senenging ati babagan perangane awak utawa salah bawa kayo kang diandharake ing ngisor iki:

1. Cacade Awak

a. Awake lemu	n. Kupinge njepiping
b. Bangkekane mbembeng	o. Lambene domble
c. Bathuke nonong	p. Mripate blawur
d. Bokonge tepos	q. Pakulitane mbekisik
e. Brengosecrapang	r. Pipine kempot
f. Cangkeme mecucu	s. Pundhake brujul
g. Dhadhane mingkus	t. Rambutegimbal
h. Dedege cebol	u. Raine burik
i. Drijine bujel	v. Sikilepengkor
j. Gegere sangkuk	w. Sirahe buthak
k. Gulune panggel	x. Tangane cekot
l. Irunge pesek	y. Udelebodong
m. ilate cedal	z. Untune mrongos
2. Candrane Solah Bawa (Tindak-Tanduk)

A. Lakune dhingklang	c. Swarane bindheng
b. Gunemane groyok	d. Watakebronqcon

21. Siswa dapat menyebutkan ukara yang menggunakan pepindhan

A. Tegese Pepindhan

Pepindhanyaiku ukara kang paeda he kang gongumpama kake utawa mindhakake apa woe kang nduweni teges memper. Dene tembung kang digunakake ing pepindhanyaiku: kayo, kadi, kadya, lir, pendah, pindha, lan prasasat. Pepindhan asring digunakake ing pacelathon padinan, panyandrasajrone adicara manten, utawa sajrone babagan sastra.

B. Titikane Pepindhan

Amrih bisa mangertenika kanthi luwih jero ngenani pepindhan, ing ngisor iki bakal diandharake titikane pepindhan, yaiku:

1. Awujud ukara kanthi ngupamakake utawa mindhakake apa woe kang nduweni teges memper.
2. Tembung-tembung kang digunakake ing pepindhanyaiku: kayo, kadi, kadya, lir, pendah, pindha, lan prasasat.
3. Ngemususak ora salugune.

C. Tuladhane Pepindhan

Ing ngisor iki bakal diandhara ketuladhane pepindhan, yaiku:

1. Ayune kayo Dewi Ratih.
2. Aluse kayosutra.
3. Baguse kayo Bathara Kamajaya.
4. Bedane kayo bumi karo langit.

22. Siswa dapat menyebutkan isi parikan

A. Tegese Parikan

Parikan yaiku unen-unen kang nduweni pathokan utawa paugeran ajeg. Parikan minangka rerangkening tembung kang awewatong ungung ing wanda, runtut ing swara (vokal), lan nganggopathokan pambuka sortatundhone isidadi bakuning karep. Ing piwulang Basa Indonesia, parika diarani pantun. Parikan kalebu salah sawijine jinis geguritan agrag lowaskang isinengandhut pasemon, kritik, lan pitutur tumrap urip bebrayan, utawa minangka geguyonan kanggo panglipur. Parikan asring tinemu ing tembang kidungan. Tembang kidungan bisa dipirsani ing pagelaran ludruk. Ludruk minangka kesenian khas Jawa Timur kang sajrone pagelaran uga diwacakake parikan lumantar tembang kidungan. Kidungan ditembangake sawise pagelaran ludruk dibukak kanthi tori remo. Saliyane ing pagelaran ludruk, tembang kidungan uga digiyarak lumantar adicara-adicara kang ana ing TV utawa radio.

B. Titikane Parikan

Amrih bisa mangertenika kanthi luwih jero ngenani parikan, ing ngisor iki bakal diandharake titikane parikan, yaiku:

1. Dumadi saka rong ukara.
2. Saben saukara dumadi saka rong gatra.
3. Saben sagatra dumadi saka patang gatra nganti wolung gatra.
4. Ukara kapisan minangka pambuka, dene ukara kapindho minangka isi.
5. Cacahe wanda (*suku kata*) ukara kapisan, kudu padha karo ukara kapindho.
6. Tibaning swara ukara kapisan, kudu padha karo ukara kapindho.

C. Jinise Parikan

Jinise parikan manut paugerane kaperang dadi 5, yaiku:

- 1. Parikan kang dumadi saka 4 wanda + 4 wanda (x2)
 - a. Tawon madu, ngisep sekar,
Golek ngelmu, kudu sabar.
 - b. Jemek-jemek, gula Jawa,
Aja ngenyek, karo kanca.
- 2. Parikan kang dumadi saka 4 wanda + 6 wanda (x2)
 - a. Manuk kutut, menclok godhong tebu,
Kudu manut, lan sregep sinau.
 - b. Bisa mbonang, ora bisa nothi,
Bisa nyawang, ra bisa nglakoni.
- 3. Parikan kang dumadi saka 3 wanda + 5 wanda (x2)
 - a. Parine, wis lemu-lemu,
Atine, wis kudu nesu.
 - b. Peleme, wis mateng-mateng,
Sirahe, wis krasa puyeng.
- 4. Parikan kang dumadi saka 4 wanda + 8 wanda (x2)
 - a. Kembang menur, den sebar den awur-awur,
Bareng makmur, banjur lali mring sedulur.
 - b. Ana baya, mangan roti karo kanca,
Pengin mulya, aja wedi ing rekasa.
- 5. Parikan kang dumadi saka 8 wanda + 8 wanda (x2)
 - a. Kayu urip ora ngepang, Ijo-Ijo godhong jati,
Uwong urip ora gampang, mula padha ngati-ati.
 - b. Sega punar lawuh empal, segane penganten anyar,
Dadi murid aja nakal, kudu olah ati sabar.


23. Siswa dapat menyebutkan nama tokoh dalam cerita wayang
Cerita WayangMahabarata(Negara,Tokoh,Gegaman lan Aji-ajine)

No	Negarane/Kesatriyane	JenengeTokoh/Paraga	Gegaman/Senjata&Aji-ajine
1	Amarta	Yudistira/Puntadewa	JimatKalimasada
2	Jodipati	Wrekudara/Bima/Sena	Kuku Pancanaka,GadaRujakPolo
3	Madukara	Arjuna/Janaka/Permadi	PanahPasopati,Sarutama,KerisPulanggeni
4	Bumi Retawu	Nakula	Pedang,AjiPranawajati, BanyuPanguripan
5	Sawojajar	Sadewa	Pedang
6	Dwarawati	Kresna	Cakra Baskara,Wijayakusuma
7	Pringgodani	Gathotkaca	Kepel Brajadhenta,KotangOntokusuma
8	Jangkarbumi	Antareja	Upas Wisa,Ali-ali MustikaBumi
9	Saptapertala/Saptabaruna	Antasena	AjiSisikUrang
9	Plangkawati	Abimanyu	KerisPulanggeni
10	Astina	Duryudana	Gada Inten
11	Banjarjumput	Dursasana	KerisKyaiBarla
12	Awangga	Adipati Karno	KuntaWijayandanu, KerisKala Dite
13	Sokalima	Durna/Drona	Cundha Manik
14	Plasajenar	Sengkuni	Aji Kulit Keras (merga aduslenga tala)
15	Mandura	Baladewa	Nanggala, Alugoro

Gambar tokoh Wayang:



Para Pandawa dipimpin dening putra mbarep: Yudistira



ParaPunakawan/Abdi ParaPandawa



ParaKurawadipimpindeningputra mbarep:Duryudana

26. Siswa dapat menyebutkan tema yang terdapat pada sebuah informasi
27. Siswa dapat menjawab soal terkait pengertian Teks Informasi

Teks Informasi:

A. Tegese Teks Informasi

Teks informasi yaiku teks awujud laporan ngenani sawijine kahanan utawa kedadeyan (peristiwa) kang dumadi utawa lagi wae dumadi. Teks informasi ngandharake sawijine kedadeyan kang bener-bener dumadi tanpa anane rekayasa kang tinulis kanthi objektif, sabener, lan apa anane.

B. Titikane Teks Informasi

- Titikan utawa ciri-cirine teks informasi, ing antarane yaiku:
1. Kedadeyan kang diandharake awujud fakta, tegese kedadeyan kang diandharake bener-bener dumadi utawa ora direkayasa.
 2. Kedadeyan kang diandharake asipat aktual, tegese kedadeyan kang diandharake lagi wae dumadi utawa isih dadi bahan pirembugan ing masyarakat.
 3. Kedadeyan kang diandharake dianggep minangka sawijine kedadeyan kang wigati lan bisa narik kawigaten.
 4. Wektu lan panggonan dumadine kedadeyan diandharake kanthi cetha.
 5. Alur ngenani kedadeyan kang dumadi diandharake kanthi runtut (kronologis).
 6. Nggunakake basa kang baku lan gampang dimangerti.
 7. Kedadeyan diandharake kanthi cekak, padhet, lan cetha.
 8. Sumber informasi asipat valid lan bisa dipertanggungjawabake.

32 dan 33 Disajikan teks non sastra dengan tema “Tokoh Dan Penemu”, siswa dapat menjawab pertanyaan bacaan

34 Siswa dapat menyebutkan nama penemu

Tokoh lan Penemu:

NO	ASMANETOKOH	NGRIPTAAKEALAT
1	AlessandroVolta	Elemen Basah/baterai
2	AlexanderGrahamBell	Telepon
3	CharlesBabbage	Komputer
4	GuglielmoMarconi	Radio
5	John LogieBird	Televisi
6	ReneLaennac	Stetoskop
7	Thomas Alva Edison	LampuPijar/dop

35,36,37,38 Siswa dapat menjawab soal-soal terkait dengan paribasan, bebasa, dan saloka

Paribasan, Bebasan,lan Saloka

A. Paribasan

Paribasan yaiku yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, nanging ora ngemu surasa pepindhan, tuladha:

1. Kejugrugaan gunung menyan.
2. Yitna yuwana mati lena.
3. Rebut balung tanpa isi.
4. Becik ketitik ala ketara.
5. Desa mawa cara, negara mawa tata.

B. Bebasan

Bebasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan lan kang dipindhanake kahanan, tindak-tanduk, utawa wewatekane manungsa. Tuladhane yaiku:

1. Ngubak-ubak banyu bening.
2. Nabok nyilih tangan.
3. Kerot ora duwe untu.
4. Idu didilat maneh.
5. Kakehan gludhug kurang udan.

C. Saloka

Saloka yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan lan kang dipindhanake wonge, tuladha:

1. Iwak lumebu wuwu.
2. Timun mungsuh duren.
3. Asu marani gebuk.
4. Baladewa ilang gapite.
- 5). Gagak nganggo lare merak.

39. Disajikan sebuah contoh cangkriman, siswa dapat menyebutkan jenis cangkriman tersebut
40. Disajikan sebuah contoh Cangkriman Wacahan, siswa dapat menyebutkan jawaban dari cangkriman tersebut
41. Siswa dapat mengubah *batangan* menjadi Cangkriman Wacahan
42. Disajikan sebuah contoh Cangkriman Pepindhan, siswa dapat menyebutkan jawaban dari cangkriman tersebut
43. Disajikan *batangan/jawaban* cangkriman, siswa dapat menyebutkan Cangkriman Pepindhan dari *batangan* tersebut
44. Disajikan sebuah contoh Cangkriman Blenderan, siswa dapat menyebutkan jawaban dari cangkriman tersebut
45. Disajikan sebuah contoh Cangkriman Tembang, siswa dapat menyebutkan jawaban dari cangkriman tersebut

Cangkriman

1. Cangkriman Wacahan

Cangkriman wacahan yaiku cangkriman kang awujud cekakan (singkatan). Mula, anggone nggawe cangkriman wacahan ana carane, yaiku wanda kang digunakake sajrone tembung kang dicekak yaiku *siji* utawa *loro* wanda kang pungkasan.

Tuladha:

1. kabaketan	=	angka tiba nang suketan
2. pakboletus	=	tapak kebo lele satus
3. burnaskopen	=	bubur panas kokopen
4. wiwawite, lesbadonge	=	uwil dawa uwite, tales amba godonge
5. surubregitu	=	asu turu dibregi watu

2. Cangkriman Pepindhan

Cangkriman pepindhan yaiku cangkriman kang ngemu surasa pepindhan, lan kang dipindhanake biyasane sipat utawa kahanan sawijine barang. Lumrahe, cangkriman pepindhan diandharake sajrone saukara. Ukara kasebut nggambarake sawijine bab kang kudu dibedhek.

Tuladha:

- Sega sekepel dirubung tinggi = salak.
(Wujud woh salak dipindhanake kaya sega sakepel kang dirubung kewan tinggi.)
- Pitik walik saba kebon = nanas.
(Wujud woh nanas dipindhanake kaya pitik walik kang lagi saba kebon)
- Dikethok malah tambah dhuwur = celana.
(Celana yen dikethok tansaya cendhak/dhuwur)
- Bocah cilik tlusap-tlusup ing kebon = dom.
(Dom dipindhanake kaya bocah cilik kang tlusap-tlusup ing kebon.)
- Yen cilik dadi kanca, yen gedhe dadi mungsuh = geni.
(Geni yen cilik dipindhanake kaya kanca amarga paedahe akeh, nanging yen gedhe, dipindhanake kaya mungsuh amarga mbebayani tumrap manungsa.)

3. Cangkriman Blenderan

Cangkriman blenderan awujud ukara kang maknane diplesetake. Wujud ukarane wis cetha, nanging makna kang dikarepake lelawanan utawa diplesetake.

Tuladha:

- Wong adol tempe ditaleni.
(Nalika sepisan maca cangkriman kasebut kaya-kaya wong kang adol tempe kang ditaleni, kamangka kang, ditaleni iku tempene, dudu wong kang dodol.)
- Wong mati ditunggoni wong mesam-mesem
(Nalika sepisan maca cangkriman kasebut kaya-kaya wong matine kang lagi mesam-mesem. Kamangka, kang mesam-mesem iku wong kang nunggu, dudu wong kang mati.)
- Gajah ngidak endhog ora pecah.
(Nalika sepisan maca cangkriman kasebut kaya-kaya endhoge ora pecah yen diidak gajah. Kamangka, kang ora pecah iku gajahe, dudu endhoge. Endhog mesthi wae pecah yen diidak kewan kang gedene kaya gajah.)
- Wong dodol klapa dikepruki.
(Nalika sepisan maca cangkriman kasebut kaya-kaya wong kang dodol klapa kang dikepruki. Kamangka, kang dikepruki iku klapane, dudu wong kang dodol.)
- Gajah numpak becak ketok apane?
(Nalika sepisan maca cangkriman kasebut kaya-kaya gajahe lagi numpak becak tenanan. Nanging, yen dipikir nganggo akal apa ya ana gajah numpak becak? Mula, yen ana gajah numpak becak iku ketok mbujuke.)

4. Cangkriman Tembang

Cangkriman tembang yaiku cangkriman kang awujud tembang. Jinis tembang kang biyasane digunakake minangka cangkriman yaiku tembang macapat.

Anggone nggawe cangkriman tembang carane padha karo nggawe, tembang macapat, tegese kudu nggatekake paugeran sajrone tembang macapat. Tuladha cangkriman tembang ing ngisor iki awujud tembang pucung. Mula nalika nggawe, cangkriman kasebut kudu nggatekake paugerane (guru lagu, guru wilangan, lan guru gatrane) tembang pucung.

Teks Tanggap Wacana /Pidhato:

46. Disajikan cuplikan teks Tanggap Wacana/Pidato bertema wirausaha, siswa dapat menjawab pertanyaan-pertanyaan bacaan
47. Siswa dapat menyebutkan jenis-jenis Tanggap Wacana/ Pidato
48. Disajikan cuplikan teks Tanggap Wacana/Pidato, siswa dapat menyebutkan struktur Tanggap Wacana/Pidato
49. Siswa dapat menyebutkan jawaban terkait pengertian dari Salam Pembuka
50. Siswa dapat menyebutkan jenis metode dalam melakukan Tanggap Wacana/Pida

A. Ngidentifikasi Stuktur Teks Tanggap Wacana (Pidhato)

Sadurunge nindakake tanggap wacana (pidhato), awakmu kudu mangerteni luwih dhisik ngenani struktur teks tanggap wacana. Struktur teks tanggap wacana dumadi saka:

1. Salam Pembuka

Salam pembuka yaiku salam pakurmatan kang sepisanan marang para tamu utawa kang kepareng rawuh.

2. Panyapa (Sapaan)

Panyapa yaiku nyebut sapa wae kang rawuh ing adicara pasamuwan kasebut kanggo paring pakurmatan.

3. Purwaka (Pembuka)

Purwaka yaiku atur panuwun marang para rawuh/tamu kang kepareng rawuh, sarta atur pamuji syukur marang Gusti Allah.

4. Surasa Basa (Isi)

Surasa basa yaiku sakabehe bab kang diandharake marang para rawuh/tamu.

5. Wigatine/Dudutan (Kesimpulan)

Wigatine yaiku ringkesan isi kang wigati utawa inti saka apa kang diandharake.

6. Pangarep-arep (Harapan)

Pangarep-arep yaiku pangajab (harapan) kang diandharake marang para rawuh/tamu lan kang midhangetake.

7. Wusana (Penutup)

Wusana yaiku atur panuwun sarta nyuwun pangapura manawa ana kekurangan utawa kaluputan anggone ngandharake tanggap wacana.

8. Salam Panutup

Salam panutup yaiku salam kang pungkasan marang para rawuh/tamu.

Metodhe Tanggap Wacana (Pidhato)

Sadurunge nindakake tanggap wacana (pidhato), awakmu kudu mangerteni luwih dhisik ngenani metode tanggap wacana. Saperangan metode tanggap wacana dumadi yaiku:

1. Metodhe Impromptu

Metodhe impromptu yaiku tanggap wacana kanthi spontanitas utawa dumadakan, tanpa anane persiapan luwih dhisik. Metodhe iki asring diarani metodhe spontanitas.

2. Metodhe Memoriter

Metodhe memoriter yaiku tanggap wacana kanthi ngandharake isi naskah tanggap wacana kang wis diapalake luwih dhisik. Metodhe iki asring diarani metodhe ngapalake.

3. Metodhe Naskah

Metodhe naskah yaiku tanggap wacana kanthi maca naskah/teks tanggap wacana kang wis disiyapake luwih dhisik.

4. Metodhe Ekstemporan

Metodhe ekstemporan yaiku tanggap wacana tanpa nggunakake naskah jangkep, nanging arupa cathetan cilik kang isine ngenani pokok-pokok pikiran kang arep diandharake.

Cerita Pengalaman Pribadi:

Kabeh siswa mesthi duwe pengalaman pribadi sing narik kawigaten. Pengalaman pribadi kasebut ana sing lucu, nyenengake, uga ana sing nyusahake.

Nanggapi Prastawa (Peristiwa) lan Menahi Pamrayoga (Memberi Saran)

Tembung/RimbagRangkep:

1. Jinise Rimbag Rangkep

Miturut jinise, rimbag rangkep (kata ulang) kaperang dadi 4 (papat), yaiku:

- a. Rimbag Rangkep Dwilingga
- b. Rimbag Rangkep Dwilingga Salin Swara
- c. Rimbag Rangkep Dwipurwa
- d. Rimbag Rangkep Dwiwasana

Katrangan:

- a. Rimbag Rangkep Dwilingga
Rimbag rangkep dwilingga yaiku tembung lingga (kata dasar) sing diunekake kaping pindho.
Tuladha: bocah-bocah, dolan-dolan, toko-toko, teka-teka, lunga-lunga, lsp.
- b. Rimbag Rangkep Dwilingga Salin Swara
Rimbag rangkep dwilingga salin swara yaiku tembung lingga sing diunekake kaping pindho, nanging owah swarane.
Tuladha: bola-bali, mongan-mangan, odas-adus, kromas-kramas, nongas-nangis, lsp.
- c. Rimbag Rangkep Dwipurwa
Rimbag rangkep dwipurwa yaiku wanda (suku kata) wiwitane tembung diunekake kaping pindo.
Tuladha: bebaya, lelungan, tetulung, lelagon, leluhur, lsp.
- d. Rimbag Rangkep Dwiwasana
Rimbag rangkep dwiwasana, yaiku wanda pungkasane tembung diunekake kaping pindho.
Tuladha: ndhengangak, ndegegek, ndhepipis, lsp.

KalimatBerita,Kalimat Tanya,Kalimat Perintah:

Tuladha Kalimat Berita/Ukara Andharan : Nia tuku beras ing tokone Pak Naryo
Tuladha Kalimat Tanya/Ukara Pitakon : Nia tuku apa ing tokone Pak Naryo? Tuladha Kalimat Perintah/Ukara Pakon : Nia,tukokna beras ing tokone Pak Naryo!

Ukara Langsunglan Ukara Ora Langsung:

TuladhaUkaraLangsung : Pak Guru dhawuh,“Kowekudusregepsinau”
TuladhaUkaraOraLangsung: Pak Guru dhawuh menawa aku kudu sregep sinau

Mugio barokah lan sukses sedoyo angsal Ridlone Gusti Alloh SWT.

=====